

Plan Estratejik Cambridge Health Alliance (CHA) pou Ekite nan Sante:
Rezime Jeneral

<p>Ekite nan Sante Enpòtan pou CHA</p>	<p><u>Misyon</u> CHA se “amelyore sante pasyan nou yo ak kominote nou yo.”</p> <p><u>Vizyon</u> nou se “ekite ak ekselans pou tout moun, tout tan.”</p> <p>Dapre Robert Wood Johnson Foundation, ekite nan sante se lè tout moun genyen yon opòtinite ki ekite epi jis pou yo rete an sante nan nivo sa posib.</p> <p>CHA gen yon amgajman san fen anvè pasyan divès ak vilnerab e li fyè pou li sèvi tout sila yo ki nan bezwen. Nou vize pou nou bay bon jan swen sante pou tout moun epi travay pou elimine baryè ki bare laswenyaj yo. Deklarasyon Anti-Rasis nou an angaje pou li pwomouvwa yon kilti atravè òganizasyon nou an ki divès, ekite, enklizif, ak anti-rasis.</p>
<p>Vizyon CHA pou Ekite nan Sante</p>	<ol style="list-style-type: none"> 1) Ranmase done demografik nan men pasyan yo sou ras, etnisite, lang, andikap, oryantasyon seksyèl, ak idantite sèks pou asire ke nou bay swen ekselan ak ekite pou tout moun. 2) Depite pasyan yo pou nesite sosyal ki an rapò ak sante ki kontribye nan byennèt epi konekte pasyan yo avèk resous kominote yo ak ajans sèvis sosyal yo pou ede avèk bezwen ki pa konble yo. Ansanm avèk difikilte ki genyen pou aksè nan manje, lojman, transpò, vyolans patenè entim, bòdwo medikal, medikaman, ak sèvis piblik yo. 3) Pwomouvwa ekite nan sante pandan n ap adopte mezi kle pou kalite, sekirite, ak eksperyans pasyan sou baz varyab demografik yo pou konprann opòtinite yo epi mete annèy inisyativ espesifik pou adòde vid nou idantifye yo. <p>CHA ap mete annèy pwojè amelyorasyon pèfòmans sou:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Sante Konpòtman: amelyore swen suivi atan apre ospitalizasyon pou sante mantal; ● Tansyon wo: amelyore jan nou jere tansyon wo pou pasyan ki pa entènè yo epi atravè kolaborasyon kominotè ak navigasyon; epi ● Sante Matènèl: efò pou amelyore sante matènèl.

	<p>4) Pwomouvwa swen konpetan ak ekitab pou pasyan ki gen andikap ak baryè kominikasyon yo. Inisyativ yo se:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● depiste pasyan epi abòde nesosite pou akomodasyon nan sèten kad swen; ● fòm pèsònèl ki an kontak ak pasyan an sou swen pou andikap pou travay nan kolaborasyon avèk pasyan ki gen andikap yo; epi ● ranfòse pi bon pratik ki an plas nan sèvis aksè lengwistik pou pasyan ki itilize lang siy ak/oswa yon lòt lang ki pa anglè. <p>5) Atenn Sètifikasyon Ekite nan Sante Komisyon Santral la (The Joint Commission), ki tabli nòm ekselans pou sistèm sante yo.</p> <p>6) Sipò pou Mendèv CHA a pou pwomouvwa ekite atravè fòmasyon sou lit kont prejije ak chanjman kilti pou tout moun santi yo valorize ak jwenn ankourajman pou yo kontribye.</p>
<p>Vwa Pasyan yo ak Kominote a Konte</p>	<p>CHA valorize ak akeyi vwa pasyan, fanmi, ak kominote a kòm yon pati ki konte pou alimante plan ekite nan sante ak mizannèv efò yo.</p> <p>Nou fè sa atravè:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Komite Direksyon Ekite nan Sante CHA a ● Konsèy Konsiltasyon Pasyan ak Fanmi CHA ak konseye pasyan yo ● Pasyan pataje eksperyans yo nan swen yo jwenn nan CHA, sa ede nou tabli priyorite pou amelyorasyon ki bezwen fèt ● Konsèy Konsiltasyon Sante Kominotè CHA (CHAC), yon kwen kote manm kominote yo ak pèsònèl yo angaje yo nan kolaborasyon, aprantisaj pèmanan, ak kontwole estrateji ak aksyon an rapò ak pwomouvwa objektif Evalyasyon Byennèt Rejyonal ak Estrateji Mizannèv CHA a. <p>Reprezantasyon an gen ladan: ajans minipal ak gouvènmantal yo, ajans sèvis sosyal yo, gwoup sivik ak kiltirèl yo, antite ki baze sou kwayans yo, founisè sèvis yo, ak òganizasyon k ap defann dwa popilasyon yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Sondaj ak gwoup diskisyon ki genyen ladan yo manm kominote k ap viv nan zòn jewografik nou sèvi yo.

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte healthequity@challiance.org.